rabbi ixfir lii xadii-atii wa jahlii, wa israafii fii amrii kullihii, wa maa Anta ahlamu bihii minnii, Allaahuma ixfir lii, xataayaaya, wa hamdii wa jahlii wa haslii, wa kulli saalika hindii, Allaahuma ixfir lii maa xaddamtu wa maa ax-xartu, wa maa asrartu wa maa ahlantu, antal Muxaddimu wa Antal Mu-axiru, wa Anta halaa kulli say-in xadiirun

Jële nañu ci Abuu Muusa yal na ko Yàlla dollee gërëm, mu nettali ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne daan na ñaan ñaan gii: "rabbi ixfir lii xadii-atii wa jahlii, wa israafii fii amrii kullihii, wa maa Anta ahlamu bihii minnii, Allaahuma ixfir lii, xataayaaya, wa hamdii wa jahlii wa haslii, wa kulli saalika hindii, Allaahuma ixfir lii maa xaddamtu wa maa ax-xartu, wa maa asrartu wa maa ahlantu, antal Muxaddimu wa Antal Mu-axiru, wa Anta halaa kulli say-in xadiirun ".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Bokkoon na ci ñaani Yonnente yu matale yi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, waxam ji: "yaw sama Boroom jéggal ma samay njuumte" ak samay bàkkaar, "ak samag réer" li jóge ci man ci ñàkk a xam. "ak samag ëppal ci sama mbir yépp" samag gàtteñlu ak samag jéggi dayo. "ak li nga xam ci man" xam nga ko yaw Yàlla waaye man fàtte naa ko. "Yaw sama Boroom jéggal ma samay njuumte ak samag tayeef" li jóge ci man ci ay bàkkaar ma tay ko te xam ko. "ak samag dëggal ak samag kaf" liy jóge ci man ci ay kaf ak liy tàbbi bawoo ci man ci ñaari anam yépp. "ak lépp lu ne ci man" mu boole li ñu tudd lépp ci ay bàkkaar ak i ayib. "yaw sama Boroom jéggal ma li ma jiital" ci li weesu, "ak li ma mujje" ci liy ñëw. "ak li ma yalu" li ma nëbb, "ak li ma biral" li ma feeñal. "yaay Aji-jiitale ji di Aji-yeexe ji" yaay jiital ku la soob ci sa mbindeef yi jëm ci sa yërmände ci sa tawfeexal ñeel li nga gërëm, yaay yeexal ku la soob wolif loolu ci sag gàccaal ko, amul ku man a jiital loo yeexal, amul it ku man a yeexal loo jiital ci bir yi. "yaw yaay Aji-Am kàttan ci lépp" ku mat kàttan, matug nammeel, di Aji-Defaakoon lépp lu la soob.